

Konte Durham
Depatman Sante Piblik
(Department of Public Health)
(919) 560-7600 • DCoNC.gov/publichealth

Konsèy sou Nitrisyon (Nutrition Counseling):
(919) 560-7791

Yon dyetetisyen oswa nitrisyonis ap ede ou menm ak fanmi w aprann kijan manje afekte sante w. Yo bay konsèy sou sa pou w manje oswa kantite pou w manje pou jere yon pwoblèm sante oswa atenn yon objektif sante byen presi. Itil pou dyabèt oswa tansyon wo.

Women's Health Clinic:

- **Planifikasyon Fanmi (Family Planning):**
(919) 560-7601
- **Prenatal:** (919) 560-7882

Sèvis swen sante pou fanm ki ka vle gen yon ti bebe. Li gen ladan divès bagay ki rive anvan ak apre nesans ti bebe a. Fanm yo ka jwenn èd pou planifikasyon fanmi. Yo ka aprann sou diferan fason pou anpeche gwosès, si yo pa vle gen yon ti bebe kounye a.

Kontwòl Kansè Tete ak Kòl Matris (Breast & Cervical Cancer Control): (919) 560-7600

Pwogram nan ede fanm ki pa gen mwayen pou peye pou tès depistaj kansè tete ak kansè kòl matris ansanm ak sèvis swivi yo.

Tès ak Konsèy Gratis pou HIV ak Maladi ki Transmèt nan Relasyon Seksyèl (Sexually Transmitted Disease, STD) (Free HIV & STD Testing and Counseling):
(919) 560-7601

Tès gratis, rapid, ak prive pou HIV, sifilis, klamidya, ak gonore. Yo kenbe enfòmasyon ou yo konfidansyèl, sa vle di yo pa di okenn lòt moun rezilta tès ou yo san pèmasyon ou.

Early Intervention Clinic: (919) 560-7726

Si ou menm oswa yon moun ou konnen gen HIV/SIDA, ou ka jwenn èd nan sèvis medikal ak travay sosyal. Sa vle di ke doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante ka ede w pran swen sante w, epi travayè sosyal yo ka ede w ak bagay tankou lojman, travay, ak lòt bezwen. Kèlkeswa etap HIV/SIDA ou ye a; klinik la ka ede w. Pri sèvis yo baze sou tarif Lincoln CHC, kidonk yo abòdab.

Refugee Health Clinic: (919) 560-7656

Pwogram Vaksinyasyon (Immunization Program):
(919) 560-7608

Ede kenbe w an sante lè yo ba w vaksen. Vaksen yo se tankou medikaman ki ka pwoteje w pou w pa tonbe malad. Timoun yo oblije pran sèten vaksen, epi granmoun yo ka pran kèk vaksen tou pou yon frè.

Kowòdinasyon Swen pou Timoun (Care Coordination for Children): (919) 560-7712

Ede w fè swivi sou bagay tankou vizit kay doktè, vaksen, ak lòt tcheke sante enpòtan pou pitit ou yo. Yo vle asire yo ke pitit ou a ap grandi epi devlope kòm sadwa.

Navigate nan swen sante

DukeWELL Care Management
(919) 660-WELL • DukeWELL.org

DukeWELL se yon pwogram ki ede pasyan jere sante yo ak bezwen swen medikal yo. Nou kolabore avèk ou ak doktè w pou ede ou swiv plan swen ou a. Nou ka kominike avèk ou nan telefòn oswa an pèsòn pou bay sèvis sipò ki amelyore chans ou genyen pou reyalize objektif sante w yo.

Aksè Lokal ak Swen Sante Kowòdone (Local Access to Coordinated Healthcare, LATCH)
(919) 613-6509 • DukeWELL.org/LATCH

Li ede moun ki pa gen asirans sante nan Konte Durham jwenn aksè nan sèvis swen sante. Pwogram nan ofri sèvis kowòdinasyon ak edikasyon sou sante biling (Panyòl/Anglè) gratis. Sa vle di yo ka ede w jwenn sèvis tankou opsyon swen prensipal, swen sante konpòtmantal, asistans pou andikap ak resous kominotè.

Pwogram Prete Ekipman Sante (Health Equipment Loan Program, HELP)
(919) 748-1022

Li ofri prè ekipman medikal gratis bay moun ki ap viv nan Konte Durham. Ekipman sa a gen ladan bagay tankou chèz woulant, aparèy pou mache, chèz douch, ak kann. Ou ka itilize atik sa yo si ou bezwen yo akòz yon blesi oswa maladi.



OPSYON SWEN SANTE POU MOUN KI PA GEN ASIRANS AK MOUN KI PA GEN ASE ASIRANS

Èske ou bezwen Swen Sante? Ou pa sèten kijan pou w jwenn èd?

Medicaid

Medicaid se asirans sante piblik pou moun ki gen ti revni epi ki pa ka peye pou swen sante yo. Medicaid ede moun ak fanmi peye pou sèvis tankou ale nan doktè, rete nan lopital, epi jwenn medikaman. Li ka ede tou pou bagay tankou ale kay dantis oswa wè yon terapè.



Aplike pou Medicaid an pèsòn nan Durham County DSS at 414 E. Main St.



Ale sou entènèt nan EPASS.NC.gov



Rele yon Koutye Enskripsyon nan (833) 870-5500

Mache Asirans Sante

Moun ki pa gen asirans sante ka enskri nan Mache Asirans Sante a (Health Insurance Marketplace) anba Lwa sou Swen Abòdab la (Affordable Care Act, yo rele li tou Obamacare). Avèk yon sèl aplikasyon, ou ka konpare pwogram gratis oswa a pri ba.



Ale sou entènèt nan NCNavigator.net.



Pou pran yon randevou lokal, rele (855) 733-3711

Swen Medikal a Pri ki Ba

Lincoln Community Health Center

1301 Fayetteville St • (919) 956-4000 •
LincolnCHC.org

Li ede moun rete an sante lè li bay diferan kalite swen medikal pou granmoun, timoun, ak fanmi, ansanm ak opsyon pou swen dantè ak sante mantal.

Yo ofri tou sèvis tankou tès laboratwa, radyografi, ak medikaman ki pa chè. Lincoln travay ak pifò kalite asirans sante epi l ap chaje mwens lajan selon kantite lajan yon moun fè. Si yon moun pa gen asirans epi li pa fè anpil lajan, li ka toujou jwenn èd pou yon ti frè. Moun ki gen revni ki pi ba ka jwenn pi gwo rabè toujou.

Sèvis transpò ak entèprèt disponib.

Klinik Satelit

- Holton Wellness Center • 401 N. Driver St., Suite 1106 • (919) 530-8210
- Lyon Park Clinic • 1313 Halley St. • (919) 536-4205
- Walltown Neighborhood Clinic • 815 Broad St. • (919) 416-1254
- Health Care for the Homeless Clinic • 412 Liberty St. (919) 808-5640
- John H. Lucas Wellness Center • 3727 Fayetteville St. (only for students)
- Lakewood PrimaryCare Clinic • 2020 Chapel Hill Rd, Suite 28 • (919) 813-4471
- Durham County Human Services • 414 East Main Street

Yo ka ede w ak maladi ki dire lontan, maladi ki dire kout, epi pou ou rete an sante. Si ou ale nan yon klinik satelit, ou ka resevwa tout sèvis menm jan ak klinik Lincoln CHC prensipal la, epi yo pral chaje w selon kantite lajan ou fè.

Duke Outpatient Clinic

4220N. Roxboro Rd., 2nd floor • (919) 471-8344

Duke Outpatient Clinic se yon kote adilt ki gen ti revni epi ki rete nan Durham ka jwenn swen medikal. Doktè ki espesyalize nan medsin entèn ak sante fanm disponib pou bay swen. Genyen tou famasyon, enfimye, ak travayè sosyal.

Samaritan Health Center English & Spanish

3205 University Drive, Suite 107 • (919) 407-8154

Klinik la ofri swen prensipal, ki gen ladan bagay tankou egzamen medikal ak èd pou maladi. Yo ka tou egzamine vizyon w, fè tès HIV pou ou, epi mete w an kontak ak lòt pwogram ki ka ede w jwenn swen ou bezwen an. Klinik la ap mande yon donasyon \$20, men ou pa oblije peye si w pa gen mwayen (revni ki pi ba pase 300% FPL).

Konsèy sou Benefis

Senior PharmAssist

406Rigsbee Ave., Suite 201 • (919) 688-4772

Ede moun ki gen 60 an ak pi gran pi byen jere epi peye pou medikaman yo, ofri sèvis ki adapte referans kominotè, ak konsèy sou Medicare. Pou nenpòt rezidan Durham – kèlkeswa laj oswa revni – pou ede yo navige opsyon kouvèti medikal ak medikaman sou preskripsyon yo gratis.

Duke Division of Community Health Benefits Enrollment Center (BEC)

(919) 681-7356

BEC ede moun ki gen Medicare epi ki pa gen anpil lajan. Yo ka ede ou jwenn lòt pwogram ki ka ede ou, tankou Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), pwogram asistans pou manje), Medicaid (asirans sante piblik), Medicare Savings Program (pwogram ki ede peye depans Medicare), Assurance Wireless ak Safelink (sèvis telefòn), asistans dantè, ak bank manje

Planifikasyon Fanmi (Family Planning)

Planned Parenthood South Atlantic

105 Newsom St., Suite 101 • (919) 286-2872

Ede ak kontwòl nesans, kontrasepsyon ijans, referans pou avòtman, egzamen pou tcheke kò ou, tès pou maladi, ak tès HIV. Yo chaje diferan pri selon sa w kapab peye.

“Be Smart” Planifikasyon Fanmi

Aplike sou entènèt sou ePASS.nc.gov oswa an pèsòn nan Durham County DSS nan 414 E. Main St.

Pwogram Medicaid pou kontwòl nesans GRATIS, tès/tretman pou MST, ede anpeche gwoès ki pa planifye, epi ofri lòt sèvis sante repwodiktif. Pou kalifye, revni yon moun dwe nan oswa pi ba pase yon sèten nivo, ki se 195% nivo povrete federal la. Pa gen restriksyon laj pou pwogram sa a, epi li se pou ni gason ni fanm.

Medikaman a Ba Pri

NC MedAssist, Free Pharmacy Program

MedAssist.org • (866) 331-1348

Pwogram famasi gratis nan tout eta a ki bay medikaman sou preskripsyon pou pasyan ki pa gen asirans ak ki gen ti revni. Pasyan yo dwe ap viv nan North Carolina, pa gen aksè a asirans, epi satisfè sèten kondisyon revni.

Enfòmasyon sa a founi pa Komite Aksè a Swen nan Patenarya pou yon Durham ki an Sante ak DukeWELL.

Patenarya pou yon Durham ki an Sante se yon kowalisyon ajans lokal, òganizasyon, manm kominote, ak lidè.

Vizyon nou se pou moun Durham yo jwi bon sante fizik, mantal, ak sosyal ansanm ak byennèt.

DukeWELL.org
(919) 660-WELL
DukeWELL@Duke.edu

HealthyDurham.org
(919) 560-7833
HealthyDurham@gmail.com



Skane kòd QR sa a pou jwenn resous sou sante mantal nan Durham.